



Pou Piblikasyon Imedya: 06/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK ETA NEW YORK PRAL ONORE VETERAN YO AVÈK JOUNEN LAPÈCH LIB NAN DAT 11 NOVANM

*Egzijans lisans lapèch la anile pou onore veteran New York yo ak ankouraje
Nouyòkè yo sòti anplennè ak jwi opòtinite lapèch eta a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse rezidan ak moun ki pa rezidan yo nan New York kapab peche lib san lisans pandan Jounen Veteran an, mèkredi 11 novanm. Jounen Lapèch Lib New York yo ankouraje plis moun pou yo soti anplennè epi ale jwi opòtinite lapèch kalib mondyal eta a. Gen yon lejislasyon Gouvènè a te siyen an 2015 ki te pèmèt ogmantasyon nan kantite Jounen Lapèch Lib ki otorize yo nan tout eta a. Chak ane depi lè sa a, yo deziyen Jou Veteran yo kòm Jounen Lapèch Lib.

"Jounen Lapèch Lib pou Jou Veteran yo se jis yon fason pou rekonèt kontribisyon veteran nou yo pandan n ap ofri opòtinite pou yo jwi kèk nan meyè sit lapèch nan peyi a, isit la nan Empire State", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun depi nan pechè ekspè rive nan debitan pou pwofite Jounen Lapèch Lib sa a ak jwi tout bagay New York gen pou ofri."

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ap administre [pwogram](#) Jounen Lapèch Lib yo nan kad Inisyativ New York Ouvri pou Lapèch ak Lachas (NY Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo a. Pwogram jounen lapèch lib yo te kòmanse an 1991 pou bay moun ki ta ka pa peche pwason yo yon chans pou yo eseye espò sa a gratis, pou entwodui moun a nouvo lwazi, epi pou ankouraje moun soutni espò a nan achte yon lisans lapèch Eta New York.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare, "Lapèch lib nan Jou Veteran yo rekonèt sèvis gason ak fanm nan fòs lame nou yo epi se yon bèl okazyon pou pechè pwason ki gen eksperyans yo entwodui zanmi yo ak fanmi yo nan espò a. Pandan nou tout ap travay pou anpeche pwopagasyon COVID-19, plis Nouyòkè ap pran lari pou chèche aktivite rekreyatif lokal. Kòm nou toupre dlo, jwi kèk nan zòn lapèch kalib mondyal eta a se yon bèl fason pou detann ak aprann plis sou espò lapèch".

Y ap raple moun k ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo ke byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason pandan jounen lapèch lib yo, tout lòt [règleman lapèch yo](#) rete an vigè. Lè li p ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo, yon moun ki gen omwen

16 an dwe gen yon lisans lapèch Eta ajou pou li peche pwason nan New York. Lisans lapèch kounye a yo valab pou 365 jou apati dat acha a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon [lisans lapèch](#) sou sitwèb DEC a.

Lachas ak lapèch nan New York devlope yon sans responsablite pou resous ak abita pwason ak bèt sovaj yo, yo ofri yon chans pou chasè ak pechè ki gen eksperyans yo pataje konesans yo ak lòt moun, epi ankouraje patisipasyon lòt moun nan lachas, lapèch, ak tire sou sib kòm lwazi pase pa ansèyman jèn chasè ak pechè yo. Yo estime chasè ak pechè New York yo kontribye 4.9 milya dola nan depans nan ekonomi an, ki soutni plis pase 56,000 anplwa ak 623 milyon dola taks eta ak taks lokal. Pou aprann plis sou opòtinite lapèch ki toupre ou yo, vizite [Lokal pou Lapèch](#) sou sitwèb DEC a oswa telechaje [Aplikasyon New York Fishing, Hunting & Wildlife \(Lapèch, Lachas ak Bèt Sovaj New York\)](#).

Eta New York kontinye ankouraje moun pou angaje nan rekreyasyon ki responsab pandan repons kontini Eta a ak COVID-19 la. Otòn sa a, pechè yo ta dwe konsyan pou pran prekosyon pou sispann pwopagasyon COVID-19 pandan y ap jwi opòtinite lapèch eksepsyonèl yo nan eta a. Nan destinasyon pèch popilè yo, espesyalman Rivyè Salmon nan Konte Oswego, dansite pèch la ka vin wo ase pou rann distans sosyal la difisil. DEC a ap mete siyalizasyon nan espas popilè yo ki raple pechè yo pou yo ENTELIJAN lè y ap peche ane sa:

- **D**istans sosyal a omwen sis pye distans;
- **M**ask - Mete youn lè ou pa ka kenbe distans sosyal la, espesyalman nan paking ak sou tout santye yo;
- **E**vite pataje ekipman lè li posib;
- **R**espekte kamarad pechè parèy ou ak resous lè w bay espas epi pratike lapèch ak etik; epi
- **R**amase sa ou pote oswa mete fatra yo nan resipyan.

Pechè k ap peche nan yon bato ta dwe asire li laj ase pou moun ki sou li yo a omwen sis pye distans youn de lòt. Pou plis enfòmasyon sou enstriksyon ak sekirite bato, ale sou [Sitwèb Pak Eta](#) a e pou plis enfòmasyon sou fason pou [PLAY SMART * PLAY SAFE * PLAY LOCAL](#), ale sou sitwèb DEC a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)